# СТЕЛАӀАД

Берийн журнал

№ 1,2019



# Ахмадов Муса



*Нохчийн Республикин халкъан яздархо Ахмадов Муса вина I956-чу шеран 28-чу январехь Киргизехь.*

*Муса яздархочун новкъа велира Лаха-Варандарчу школехь пхоьалгIачу классехь доьшуш волуш. ПохIма долчу дешархочун дуьххьарлера дийцар Шуьйтахь арадолучу районан газетехь зорбане делира.*

*ГIараваьллачу цу нохчийн яздархочо, поэто, драматурго язйина дуккха а книжкаш. Уьш арахецна нохчийн, оьрсийн, балкхаройн, французийн, японхойн, немцойн меттанашкахь.*

*Вайн махкахошна дукхаезачех ю Мусас дIахьош йолу «Хаарийн бIов» передача.*

*Къаьсттина деза-хьоме ду Мусанна вайн «СтелаIад» журналаца долу гергарло.*

*Хьоме бераш! «СтелаIад» журнало шуна йовзуьйту Ахмадов Мусан «ГIиллакх» стихотворени.*

## ГIиллакх

Жимчу кIанта хьотту: «Баба,
Дийцахь суна, хIун ю гIиллакх?»
– ГIиллакх – и яц дешин кхаба,
Я куй а бац коьрта тилла.

Амма дешел, куйнал чIогIа
ГIиллакх оьшу даим вайна.
ГIиллакх доцчух ала догIу:
«Иза веха, хьайба санна».

ГIиллакх – иза ахь гIодича
Воккхачунна, дечиг доккхуш,
Бакълуьйчун хьо накъост хилча,
Харцо хьайна гена йоккхуш.

ГIиллакх – дича Бабас бохург,
Хьайл кегийнаш вочух ларбар,
Цкъа а хьайн ден дош ца дохош,
Хилар цуьнан дагна дарба.

Нене хьожуш, гIо деш цунна,
Хилча,олу: «Оьзда кIант ву!»
Иштта олу,воккхачунна,
ДегI нисдеш, хьо хьалагIаттахь.

Ши Iаж белахь, цхьаъ ахь дIало,
Ткъа цхьаъ белахь – бекъа юккъех…
Ю гIиллакхан цхьа билгало:
Комаьршо – и йита юххехь.

Ахь хи молуш, уллерчуьнга
ДIакховдадахь: «Малахь»,– олуш,
Хьаша веъча, духьалволуш,
«Марша ва хьо!» – алахь цуьнга,

Наха эр ду: «Дера хилла-кх
И кIант-м шегахь долуш гIиллакх!»
Иштта Бабас дира хьехар,
Самадоккхуш кIентан хьекъал.

ТIетуьйхи цо: «ГIиллакх дийца, –
Оьшу дуккха, дукха зама.
Хила деза и хьан цIийца,
Веза цунна даим Iама!»

*Пашаев Нурди*

# Керла шо

Іаьржа буьйса серлаяьлла,
Доццушехь и беттаса,
Шира шо ду новкъадаьлла,
Вайх дІакъаьсташ бертаза.

Кхойкху вайга: арадовла!
КІайн кІант лаьтта воьссина,
Хьешана ков дІа ма къовла,
Ло ду догІуш кхоьссина.

КетІа кхаьчна ГІура-Дада,
СовгІатех ги боьттина,
Дуьло, бераш, дуьхьалхьовда,
Хир ву иза хІоьттина.

Дагалецам вайна буьтуш,
Нускалах базалг кечйина,
Вайн дегнашкахь шен лар юьтуш,
Шира шо дІалечкъина.

Зама йоьду, зама йогІу,
Денош луьстуш тІадамех.
Шо дІадоьду, шо тІедогІу,
Къаста ца луш адамех.



*Махмудхаджиев Муса*

# ӀА



Шийла Ӏа тӀедеъна,
Диллина Ӏуьллу ло.
Бераша шарбина
Юххера лекха гуо.

Цу тӀера хехкалуш,
Церан сакъерало.
Хахкабелла богӀуш,
Охьа а беттало.

Гена йоццуш цара
Лайн баба а хӀоттайо.
Мара а беш цунна,
ЦӀен жӀонк а латадо.



Лайн мижаргаш детташ,
Хьоькху цара маьхьарий.

ХIаваэхь а хьийзаш,
Оьгу кIайн полларчий.
Суьйренгахьа йоьрзуш,
Iаьнан аре шелло.
КIаддалор а йоцуш,
Бераша шайн болх бо.

ТIедогIучу лайно
Тачанаш а хьулдо.

Хьоькхучу мох- хIоно
Лайн дарц а ийъадо.
Дуьне а кIайдина,
Диллина Iуьлу ло.
Беркате хьо хуьлда,
Халкъана ца гуш вон!



*Алиев Мохьмад*

# Къуйган чIагIо

– Ма шийла деа-кх хьо,Iа, оццул шийла-м ца хилча а дацара хIумма а, – бохуш, хенан хIоттамна гIеххьа оьгIазе кхиссарш а еш, гIийлачу ойланашца, мацаллина гIаддарна цхьана боккхачу кхура тIе а хиъна,тIемаш тIехь шелонна охкаделла шаш а долуш, хиъна Iачу къийгана шега цхьаммо мохь тухуш хийтира. Дог ца догIуш, халла бIаьргаш схьадиллича, цунна, шега мохь бетташ цхьогал гира.

– ХIун боху ахь, ва цхьогал? – аьлла, халла хезаш, йистхилира къиг.

– Дера боху, хьо ишта корта а оллийна Iийча, гIуллакх хир дуй те, мацаллина мегар ма яц хьо, яло, соьца?! – элира цхьогало.

ХьаьжкIаш йоькъуш меттиг хаьа шена аьлла, Iехадина ша дига а дигна, Салманан жIаьле шен цIога даккхийтар къийгана дIадекха меттиг ца карош лелашдолчу цхьогална тахана бекхам бан меттиг баьллера, ткъа ша къайлах Iахар а биъна, къийгана йина ямартло цо юьйцуш а яцара.

– ДIадалахьа, цхьогал, мича йола боху ахь, цхьа ямартло йоцуш дац хьоьца долу хIума, со лееш хир ду хьо, – аьлла, цуьнца хабар дийца дог ца догIучу къийго, шен ши бIаьрг тIекъевлира.

– Э, къиг, хьо санна ма дац со, хьуна маца гина соьца ямартло, тешнабехк? – элира цхьогало.

– Хьо долчу меттехь массанхьа а ю-кха ямартло, тешнабехк а, – элира къийго.

– Вай, ахьа-м со цхьана хIуманна а ма ца магий, сох хIун даьлла оццул? – аьлла, гуттар ша доьхна моттийтира цхьогало.



– Цхьогал, сан хьоьца къамелаш дан де дац, хьайн новкъа дIагIохьа, – элира къийго.

– Дика ду делахь, со-м хьуна цхьа йоккха хьаьжкIа йолу меттиг йийца доллура, –аьлла, ша дIадолало а моттийтина, къийган тергам а беш, жимма дехьо даьлла сецира важа. Цхьогало хьаьжкIан цIе яьккхича, цергех хи хьаьдда, ас ша Iехор дIадекха гIерта те хIара я боккъал къахеташ лела те бохуш, цхьогал санна, мекара йоцчу къийган коьрте ойланаш хьийзара, амма, хьаьжкIах дерг цуьнга хатта даго а ца юьтуш, дIасхьахьийзара иза. Мацалла туьйлира, хатта дийзира.

– Цхьогал, ахь хIун хьаьжкIа юьйцу, мичахь ю и? – аьлла, тIаьхьа мохь туьйхира къийго. Цо и мохь ца туху



те бохуш доьду цхьогал, сихха юхадеара. Къийго хаьттира:

– Цхьогал, ахь цхьа хьаьжкIа ма юьйцура, мичахь ю и?

ТIаккха цхьогало шен хIилла дIадолийра.

– ДIо юьртарчу наха бажа дIалоьхку меттиг евзий хьуна? – аьлла, хаьттира цхьогало.

– Евза, суна муха ца евза иза, дийнахь иттазза цу тIехула дIасхьайолуш хилча!?

– ТIаккха хьуна гина хила ма веза цигахь хуьлуш волу и цхьа лерг бен доцу куй тиллина хуьлу цу юьртан беж-Iу.

– Дера гина, цу тIехула тхо чекх моссазза йовлу, шок етташ, тхо лахохь нисъелча, тIулгаш кхуьйсуш, амал ма дайина цо.

– Яло, делахь, цунна бекхам а бийр бу ахь, хьайна хьаьжкIа а юур ю ахь, – аьлла, – дIадоладелла цхьогал.

– Собар, цхьогал, хIун хьаьжкIа, хIун бекхам буьйцу ахь?

– Ва, къиг, цу вайшиммо вуьйцучу беж-Iуьно цигахь доьгIна, цхьа шалго а долуш, дечкан Iад ду, тIейиллина хьаьжкIа а йолуш. Цу Iодаца леца а лоьцуш, суьйлин къийгаш юуш ву и стаг. Лар а луш, схьаяккхахь, хьуна яа хьажкIа хир ю хьуна, суьйлийн къийгаш а маьрша хир ю, – аьлла, дIадоладелла цхьогал. Къиг тIаьхьа яхна.

Дикка некъ бина цаьршиммо. Хьуьнан йисте кхаьчча, цхьогал сецна, къиг а цхьана гена тIе охьахиъна.

– Къиг, и дIо лаьтта Iад гой хьуна? – аьлла, гена доццуш лайла доьгIна дечкан шалгу Iад гайтина цхьогало.





– Го, наха йол гулъеш гина суна ишттачу хIуманца.

– И ахь юьйцург дечкан шада ю, ткъа хIара Iад ду.

– Хьуна мичара хаьа и хIун ю а, важа хIун ю а, ва цхьогал?

–Дера хаьа, хийла со шайн кIари чохь карийча, цу ахь буьйцучу наха, сайна и шада йиттина дела, – аьлла цхьогало, ткъа къиг гIадъяхна елаелла.

Къиг елаелча, ца лайначу цхогало цуьнга хьала а хьажна, шен дагахь аьлла: «Ела хьо, хьовсур вай Iодо лаьцча ахь хIун до а». ТIаккха, цунна хезаш аьлла:

– Хьажал, къиг, цу вай дуьйцучу Iода буьххьехь йоьллина йоккха хьаьжка ю хьуна, ас хьалха ма-аллара, и стаг кхузахь воцчуьра яха а гIой, хьаьжкIа схьаяккха.

Цул тIаьхьа шен Iад лардеш, коьллаш бухехь лечкъина цу Iодан да хуьлий хуушдолу цхьогал, юькъо коьллаш йолчу а даьлла, хIун хуьлу хьажа, дIатебна. Къиг дIаяхана.

Ша мел гIора эшна елахь а, жимма Iодана тIехула хьаьвзина къиг, шена кхерам болуш хIума дуй хьажа. Цхьа а кхераме хIума шена ца хааделча,Iода тIе охьахиира иза. Тамашийна тийсина чуханаш а йолуш, цхьана дечиг буьххье йоьллина яра хьаьжкIа. Доллучух а кхийтира къиг. Цхьогал шена бекхам бан гIертий хиира цунна, амма къиг тIех меца яра, хьажкIа схьаяккха езаш хьал дара. Кхунна зIок тоха дага ма деъана, мохь бетташ, хIара къахко куьйгаш а лестош, лайлахула шен ма-хуьллу ведда вогIуш вара цхьана кулла кIелахь лечкъина Iийна кху Iодан да беж-Iу.

– Хьо мичара вели хIинца, цу куллаца дIаийна хилла моьтту суна-м хьо, оццул тIехула хьовзарх суна-м ма ца гира хьо, – аьлла, чIоггIа зIок туьйхира къийго, хьаьжкIа схьаяккха. Схьа ца елира. Юха а зIок туьйхира, схьа ца елира. Iодан да тIекхочуш вара, кхин Iойла дацара, тIаккха дIаоьккхуш йоллучу цунна Iад тIеттIа кхеташ а хезира, ша цхьана хIумано юхаозош санна а хийтира. Кхерам алсам хиларна, лакхо хьала а яьлла, охьахьаьжча, къийгана гира тIаьхьа буй лестош беж-Iу а, ткъа дехьо, хьуьнан йистехь, ирх лелхаш, ловзуш цхьогал а.

ГIелонна,халла тIемаш а детташ, дIайоьдучу къийге, цхьогало, тIаьхьа мохь тоьхна, элира:

– Во, къиг, хьан цIога стенга дахна, цунах йисина и хьайн цхьа мас мукъане а ма яйалахь?! – аьлла.

Юхахьаьжначу къийгана шен цIога доций хиира, цIога хиллачохь цхьа мас яра, охьахьаьжча, генна лахахь, Iодаюккъехь мохо а ловзош, лаьттара къийган цIога.

Къийгана хиира мекарчу цхьогало шена динарг ца дуьтий, делахь а цо чIагIо-м йира, таханлера де цхьогална бекхам боцуш ца дита.

Хасаев Хьамзат

# IАЬНАН ЦХЬА ДЕ

*Дийцар*

Iуьйранна доладелла луо суьйренга делира. ГIайба санна, кIеда охьадиллира иза даккхийчу чимашца. ЧIогIа хаза а, тийна а дара де. Хеталуш дара, хьуьн чохь долчу акхароша, олхазарша хIун дийр ду техьа аьлла.

Суьйранна луо оьхучуьра сецира. Буьйса юккъеяхча, екха а екхна, стигалара массо а седа, охьабан боллуш санна, къегина дIахIоьттира. Буьйса шийла еанера. Сай, бодий къаьстачу хенахь хьалагIаьттина со говрахь новкъа велира. Сан некъ бу Шаройн Органца хьала Нуй ломара БIаьн-Дукъан бердашкара арадовлучу кхаччалц. Органан тогIийн бердашца лаьтташ йолчу хьуьн чу хьажа веза, цигахь буса хилларг хIун ду хаархьама. Амма воьдучу дIакхачале, хьуна новкъахь дуккха а хIуманаш гур ду, тидам беш хилахь.

Iуьйре. Дохк. ХIумма а гур дуй техьа олий, хетало. Амма дохк новкъа дац.Дохк хилча, шело кIеда хуьлу. Лай тIехь дерг гуш хуьлу куьзган чохь санна. Юьртана гена валале, хьо кхочу хьаьмцийн, элхьаьмчийн коьллаш юккъе. Кхузахь декаш хеза олхазарш. Говрахь вогIу стаг гича, уьш, къаьхкина гена а ца довлуш, коьллаш кIел а, тIе а охьаховшу. Цунах цецвала тарло хьуьнан къайле ца хууш верг. ХIорш ду вайн маххахь Iа доккхуш долу олхазарш. Шоршалш ю церан цIе. Тидам бича, коьллаш кIелахь гуш дара хьаьмцийн а, элхьаьмчийн а легнаш, чкъоьрнаш. Хьуьн чуьрчу олхазарша «той» динера кхузахь.

КIайчу лай тIехь гуш яра, тIадамаш диттича санна, кегийчу когийн лар. Кхузахула хIун экха дахана техьа, олий хьо, цец а волуш, хьожу. И лар талла дезаш хуьлу, цуьнан къайле хаархьама. Лар схьаяьлла гуш ю цхьана ширъеллачу кхуран гоьрга кIелхьара. ЭхI! ХIара-м, хьаха, ю дингадан лар. Иза тамашийна экха ду. ДегI дуткъа, деха, жима ду. Цуьнан даар ду кегий дехкий а, наггахь олхазарш а.

Иза Iай ло санна кIайн хуьлу, наггахь цIоганан юьхьиг Iаьржа а йолуш. Оцу гоьрга кIелхьара схьаяьлла, шена ижу лаха араяьллера иза. Хеталуш дара, хIокху доккхачу лайлахь хIун карор яра цунна аьлла. Дингадо, шен дегI, Iад санна дуьйлина, сатта а дина, цкъа хьалха ладуьйгIира. ТIаккха, кхос-кхоссалуш, чехкачу боларца гена доцчу Iина йистехь боллучу къеначу хьаьмцан юьхкан орамашна юккъе чуяхара.

Лар юхаеанчухула гуш кегий цIийн тIадамаш дара. Дингад юха шен бена йирзинера. Iаьнан ехачу буса мацъеллачу дингадо йохийнера хьаьмцийн диттан орамашна кIел дехаш долчу дехкийн хIусам. Масех дахка бен а бийна, шена суьйранна баа цхьаъ багахь схьа а бохьуш, шен хIусаме юхайирзинера дингад.

Иштта дехаш дара цу коьллашна юккъехь хьуьнан акхарой.

Дингадан лар тергалйинчул тIаьхьа Шара-Органан тогIи чу воьссира со. Турпална (сан

говран цIе яра иза) хи малош сецна лаьтташ, ас тидам бира сирлачу хин бухахула дIасауьдучу чIерийн. Уьш хIун чIерий ду аьлла, хеталур дара Шара-Орга цадевзачунна. ХIокху Орган чохь мекхашчIарий, чабакх-чIарий Iаьн тIехь наггахь бен ца хуьлу. Бакъду, бакъ-чIерий дукха хуьлу.

Говр хи мелла яьлча, со сайн новкъа дIавоьду. Амма гена валале сан тидам хуьлу хи юккъехь болчу тIулга тIехь Iачу цхьана хьозанан. Бакъду, мегарг тидам хилла балале, и олхазар, ган а гуш, хи чу а эккхий, тIапъолий дов. ГIеххьа хан йолу Органан айми чу хьоьжуш со лаьтта, делла а, иза гучудер дац техьа бохуш. Амма олхазар лийр дац. Цуьнан дахар хица доьзна ду. Цхьа хан яьлча ткъа метр генахь хи чуьра хьала а даьлла, йистехь Iуьллучу гоьрга тIе а хиъна, шен месаш а, пелагаш а кего делира олхазар. Схьахетарехь, ша куьце далош дара иза.

Оцу хин олхазарх оьрсаша оляпка олу. Бердашца дехаш долу иза хи бухахула генна доьду, шена кхача лохуш. Хи чуьрчу тIулгаш тIера, бухара, шен зIакарца даьIахк йоцу садолу хIуманаш а, сесий а, нIаьний а лоьцу цо.

Кхузахь хьо лаьтташ, дохк айаделла малх гучуболу, Iалам къагош. Цхьа тамашийна гIовгIа хеза хьуна хьайна тIехула, «шах-шах-шах» бохуш. Хьалахьаьжча, гуш ю бедийн тоба.

Бедаша, стагах а, говрах а къаьхкина, охьа ца ховшуш, ши-кхо го баьkkхира. Шайна кхерам боцийла хиъначул тIаьхьа уьш охьахевшира цхьана гIеххьа йоккхачу айми чу. Цхьана агIор, пен санна, тIулган берд бара, ткъа хи арадолучохь, – у дуьхьал тоьхна, дечигийн чалх. И чалх бIаьстенан муьрехь Органо еана йисинера. Цундела сецнера кхузахь дикка айма. Бедашна экханехьара кхерам бацара. ХIокху айми чохь буьйсанаш яьхначух тера дара бедаша. Хи чохь бен бедийн ижу лохийла дац Iай.



Бедаш юха а, говрах къаьхкина, тIемаевлира. Церан дахарх тамаша беш вогIу со новкъа волу оцу аймина йистехула. Амма цIаьххьана, цецволий, соцу. ХIарахIун ду? Аймина гонах хи тIедогIучу агIорйолчу гIайри тIерачу лай тIехь гуш жIаьличух йолу цхьогалан лараш ю. Аймина йистехь, жимма дешна ло долчохь, дикка хьаьжча, гора цхьогалан дегIан а, цIоганан а сурт.

Садаьржачу хенахь мекарчо меттахъяьхнера и бедаш. Буьйсанна сахиллалц уьш ларийнчух тера дара цхьогало. Амма



бедаш Iовдал яцара. ТIулган пенна юххехь ша а ца беш лаьттачу хи чохь буьйса яьккхинера цара. Цхьогалан царна тIекхочийла яцара. Бад шега ца лацаелча, мекарниг хьуьна юккъе даханера. Кхузахь гора цо ло кегийна меттигаш –лай бухахь долчу гIаш кIелхьара дехкий цо лецна хиларан билгало. Мекарниг а ца дисинера ижу йоцуш...

Турпал, цIеххьана цец а яьлла, сецира. Дикка хьаьжча, лай тIехь гуш яра чен лараш. Iаьнна дIадижина хила дезаш долу и экха хьуьн чухула лелаш долчух тера дара. И санна йолу ча дера а, кхераме а ю.

Гена валале гуш бара гома когаш болчу экхано кегийна зингатийн барз. Шена хьуьн чохь кхин яан хIума ца карийча, чено барз а бохийна, зингатийн хIусамаш хIаллак а еш, уьш а, церан хIоаша диънера. Иштта «вон а лелла», дIаяханера ча.

Де чекхдолуш доллура, Iаьнан малх анайисте охьалахбелира, шен таханенна лерина некъ чекхбала гергабахана. ЦIехьа верза ойла еш со лаьтташ, мичара дели а ца хууш, цIаьххьана хьалхахула дIаэккха лу –хьуьнан и хаза экха. Цуьнан чож детталора, левсий санна, хаза бIаьргаш цеце бара. Иза а цхьана хIумано къаьхкийнера. Гена валале гуш дара лу а, гIаш дIаса а кегош, баьккхина кIаг а(бен). Кхузахь луно буьйса яьккхинера. Лай кIелхьара латта довха хуьлу, цундела до цо иза.

Шара-Орга арадолучу бердашка дIа а кхаьчна, вухаверза со кхиале, юха а Орган чу дохк дижира. Кхин Iаржъялале аьлла, со цIехьа вирзира. Сан говр лелла езаш яцара, ша цIа йогIуш юйла хууш цо болар сихдинера. Памара Iине кхаьчна со вогIуш, бода булуш бара. ЦIаьххьана хьуьн чохь, зударий тийжаш санна, гIовгIа елира, говро цIаьххьана йоргIа ийцира.

Уьш чангIалкхаш яра, буьйсанна шайна ижу лаха арайовла кечлуш...

Iай хьун и еша хуучунна чIогIа самукъане книга ю.



# Йиша

Вайн къоман оьздангаллех болу сан хьехамаш мел бахбеллехь а, бераш, йишех дош ца олуш дерзадойла дац хIара гIуллакх. XIX-чу бIешарахь зорбанехь арадаьллачу цхьана ширчу тептар тIехь бешна ас, дуьне довза Iалашо йолуш, хийра мехкаш толлуш вай долчу кхаьчначу цхьана Iилманчас бина тидам. Зудабер, уггар чIогIа лардеш а, лардарца лоруш а ду нохчийн хIусамехь аьлла, къамел дара цу тIехь. ДIа ойла йича, вайн гIиллакхаш, оьздангаллин мехаллаш, Iердахаран дIахIоттам бовза дагахь веъна хиллачу хийрачу хьешана а иза юьхьаьнца дуьйна хааделча, мел генара-генара схьадогIуш, цIийх-тIамарх доьлла гIиллакх хилла-кх вайн дайн зудабер, йиша ларар, дахарехь нислучу чолхаллех иза ларъяр.

Суо вуно жима волуш дуьйна баккхийчара дуьйцуш хезна суна, Маьхьшаре арахь къинойн балано синош хьийзодаьхначу хенахь, дай-наной шайн берийн гIайгIанех херделла, шаьш-шайна хIун дер ца хууш хьере хьийзачу муьрехь, цхьана йишас эр ду боху шен вешига, схьалохьа хьайн къинойн мохь аьлла... И къамел дагадеача, сайн хеназа эхарта яханчу йокхахйолчу йишин сурт хьалхахIутту суна, тIаккха цуьнан цкъа а дицлур доцу аз догIу лере: «Схьалохьа, хьенех, хьайн къинойн мохь соьга, хьо хIоттийна хир ву-кх цуьнан бозалло, гIо дайтахьа хьайна!» – олий. Иштта тхо кхаа вешина чу са а диллина яра и тхан йиша дуьнен тIехь йолуш. Ткьа иза цигахь, эхартахь, йолуш дагна мелла а токхе а хета суна тахана, цуьнгара хиндолчу гIоно дог токх а до...

Ас терго йина цхьа хIума ду. Вайн боьршачу наха кIант варе чIогIа сатуьйсу, амма йоI йича, – цул дукха дезаш са а ца хуьлу, мел лачкъо гIертарх, лачкъа а ца луш. Боьршачу берана хIуъа а мега, йоьIан хьашташка хьажа, олура тхан дас. Ара а яьлла, нехан нахаца Iен а, яха а езаш ю и бохург дара цуьнан иза.

«Ваша воцу йиша – га доцу сара» аьлла, кица ду вайн. Тхайн йиша дийна мел ю, цуьнан синан хьашташка хьажа гIиртира тхо кхо ваша, кхетамехь а долуш, цхьамма а вас ца йира, дош а ца дохийра цуьнан. «Хьан-м кхо ваша вара, кхо лам санна, юххехь!» – наха аьлча, цхьа башха серло хаалора цуьнан бIаьргаш чохь. Иза ду тхоьца даха дисна, кIегий меттахдаьхча серлайолу цIе санна, иэсера дIа ца долуш.

Иштта ду шуна, бераш, йишица долу хIума. Йолчо хама бан беза цуьнан ша дийна волуш. ДIасакъастаран къаьхьалла лайна волчу суна санна,и дика хуур дац цхьанна а.



*Макалов Шамсудди*

# Расха дин

*Туьйра*

Генна хьалха заманахь вехаш-Iаш хилла цхьа эла. Цуьнан, цхьа кIант бен, доьзалхо ца хилла. Ткъа зуда, цIаьххьана лазар а кхетта, хеназа кхелхина хилла. Нанас ша лечу дийнахь, тIе а кхайкхина, шен кIанте аьлла: «КIант, со яла йоллу. Хьан да реза а волуш, ас, совгIат деш, сайн дех бисина расха дин буьту хьуна. Адамийн мотт а хууш, массо хIуманах кхеташ а йолуш, башха говр ю хьуна иза. Амма, хьайн дахарехь уггар хала киртиг тIехIоьттичий бен, пайда ма эцалахь цунах.Ахь дукха хьийзаяхь, мотт бицлур бу цунна. Зингатачул тата, хьозаначул гIовгIа йоцуш гIолахь цунна тIе. ЧIогIа гIовгIа йолчу хьодуш ю хьуна иза, сан дас тIаме дукха лелийна.

КIентан нана дIа а ерзийна, дас шена керла нускал далийна.

КIантах къа ца хеташ, жIаьлин мотт болуш, сийдоцуш хилла десте. БIаьрга цIий хьавзаш хилла цунна кIант гича – новкъа хилла цунна иза. Шен ма -хуьллу сийсазавеш хилла цо иза. Муьлххачу а ямартлонца и хIаллакван, шен



бIаьргаш дуьхьалара иза дIаваккха, хIуъа а дийр долуш хилла иза. И боцург кхин сингаттам ца хилла цуьнан.

Эххар а нанас йийцина киртиг тIехIоьттина кIантана, дестечо, хийзош, гIад-амал а дайъинчу хенахь дагабеана цунна расха дин.

Нанас ма-хьеххара, гIар-тата ца деш, цунах дагавала вахана кIант.

– Марша вогIийла хьо, дика ду хьо кхуза веана, –аьлла дино, – тховса хьайн дестечо кечбина кхача ма баалахь – иза, хьо вен, дIовш тоьхна бу хьуна. Говро аьлларг дина, цу буса пхьуьйраза вижина кIант. Цул тIаьхьа цхьа кIира даьлча, дино аьлла кIанте: «Ларлуш хилалахь, хьо вен гIарбаш кечъеш ю хьуна десте. Цо хьалакхоьссина урс, тховх а кхетта, хьан дагах догIадала дезаш ду хьуна. Цундела урс, тховх а кхетта, чудале, хьо дIаэккха веза кIелхьара.

Иштта говро гIо деш, дестечунна луург чекхдолуш ца хилла.

ЧIогIа оьгIазъяхана десте. «Милла велахь а, цхьаъ ву-кх цуьнга сан дагахь дерг дIахоуьйтуш, цунна хьехам беш», – ойла йина цо. Къайлах кIант ларвайтича, цунна хиина бехкениг мотт хуу расха дин буй. ТIаккха иза, догдаьттIа, ша чIогIа цомгаш йолу кеп хIоттийна, «ахI» бохуш, метта охьайижина.

Шен хьалхара зуда хеназа елла дела, чIогIа кхеравелла эла. Дукха лоьраш кхийлина цо шен зудчунна тIе.

– Дависа, зуда, жимма а гIоли ца хета хьуна? – аьлла, эло шега хаьттича, зудчо жоп делла:

–Вайн расха дин бен а бийна, цуьнан цIий дегIа тIе а хьокхуш, цуьнан жижиг диича, толур яра со, – аьлла.

– КIантана халахетар делахь а, хьо ца ялийта, ахь бохург дийр ду, ца дича вер вац, – аьлла эло, – хьуна хIума хилийта-м, хьаха, яц вайн йиш.

И шена хезча, воьлхучуьра сацалуш ца хилла кIант. Говр йолчу хьаьдда иза. Цо аьлла кIанте: «Ма велха, собаре хила. Иштта хилла-кх Делан кхел. Делан кхелана реза ю со. Ткъа ахь, со елий, сан кхеса тIера кхо чо баккха. Со хьайна ма-ийшшинехь, и кхо чо вовшах тоха, со гIоьнна кхочур ю хьуна. Говр йийча, ша таелла аьлла, дегI дайделла, елаелла, екхаелла, хьалагIаьттина десте. Ткъа



кIант, ша хIун дийр ду ца хууш, балехь хилла. Эххар ойла гIаьттина цуьнан коьртехь.

Нахана ша ца вовзийта, тIе тиша барзакъ а дуьйхина, юьртах ваьлла кIант. Воьдуш, цхьана йоккхачу шахьара кхаьчна иза. Цхьана мискачу стеган хIусамехь буьйса а яьккхина, Iуьйранна ламаз деш хIара воллуш, кора хьалхахула малх санна хаза ворхI йоI чекхъяьлла. Ламаз дина а ваьлла, цо хIусамдега хьаьттина, и ворхI йоI хьенан ю аьлла. ХIусамдас уьш паччахьан мехкарий бу аьлла. ХIора Iуьйранна мискачу нахана сагIина хIума ло цара.

Цу хенахь араваьллачу кIантана гина ворхIазза тIекIел йина паччахьан йоккха хаза гIала. Дечиг-пондар кара а эцна, вахана цу гIали хьалха дIахIоьттина кIант. ЧIогIа хаза, дог-ойла гIаттош хилла цо лоькху пондар, новкъа ваха ваьлларг а, стигалхула доьду олхазар а ладогIа соцуш. ВорхIалгIачу гIата тIера паччахьан ворхI йоI а хилла цуьнга ладоьгIуш. Уггар жимахйолчу йоIа, кIант хазвелла, хьаьттина цуьнга: «Лаьий хьуна тхан бешахо хила?» – ЧIогIа лаьа, – аьлла кIанта, дог ирсе тохалуш. – Ас, даггара езаш, Iалашйийр яра иза.

Паччахьан беш боккъал а езаелла кIантана, суртдиллархочо диллина сурт санна, и хаза хиларна. Моз санна мерза, багахь лешаш, бос хаза стоьмаш а, инзаре хаза зезагаш а кхуьуш хилла цу бешахь. Корта бахош хилла цу зезагийн хьожанаша. Сатосуш гIоттий, дерриге а цу бешахь дан дезарг деш хилла к1анта, бес-бесара зезагаш гулдеш хилла паччахьан мехкаршна.

Цхьана дийнахь делккъалц бешахь болх а бина, говран кхо чо вовшахтоьхна кIант.

Жарт-аьлла беана кхунна хьалха дIахIоьттина расха дин. Цу хазалла балла боллучу дина а хиина, гIали хьалха иза хелхабаха хIоьттина кIант.

ВорхIалгIачу гIата тIера охьа а йоьссина, лерина тергалвина кIант жимахйолчу йоIа.

– Цхьа тайп-тукхам долуш, оьздачу нахах волчух тера ду хIара, дин а бу кхуьнан шатайпа башха, – ойла йина цо. Доцца аьлча, кIант везавелла йоIана. КIанта паччахьан бешахь хIора Iуьйранна а, хIора суьйранна а пондар локхуш хилла



цунна. Паччахьан йоккхачу бешахь исбаьхьа синхаамаш баржош хилла пондаран озо. Иштта хIара шиъ вовшашна дезаделла хан-зама йоккхуш долуш, паччахьо сацам бина шен ворхI йоI маре яла. Йоккхахйолу ялх йоI, ир-бир аьлла, дуьхьало йоцуш, хьолан дай болчу элийн кIенташка маре яха реза хилла, ткъа жимахъерг, ша бешахочуьнга бен гIур яц аьлла, дуьхьалъяьлла.



И ла ца делла, тIулг хилла дIахIоьттина паччахьан дог. «Ас йовмал къемат даллац, сайн неIсагIе дуьтур дац шуьшиъ, шайн лар ма гайталаш сан цIен тIехь» – оьгIазе аьлла цо. «Дала диннарг хир ду», – корта таIийна кIанта.

Амма шолгIачу дийнахь дагахь а доцуш тIом иккхина. ВорхI пачхьалкх шен карахь йолу цхьа нуьцкъала паччахь, де а бахьана доцуш, пачхьалкх дIа а йоккхуш, кху паччахьан корта баккха гIоьртина. ТIаккха, шена тIаьхьа шен ялх нуц а, эскар а хIоттийна, шен мохк ларбан кечвелла паччахь.

– Суна а лаьа шуьца тIаме ван, – аьлла кIанта.

– Хьо хьанна оьшу хьайн астагIчу вирца. Хьан я тIеман барзакъ а, я герз а дац, – аьлла паччахьо.

– Караеънарг тоьхнарг майра лерина, олуш ду наха, – аьлла кIанта.

– ДIавала, чIимаш биинчо а дуьйцур дац ахь дуьйцург! – аьлла паччахьо, шена юххехь лаьтта ялхе а нуц велаволуьйтуш. ХIетте а, паччахье ла ца дугIуш, тIом бан араваьлла кIант. Новкъахь, цхьана гIундалгIеш юккъехь, къайллах, кхо чо вовшахтоьхна цо. Лап-аьлла, шеца тIемалочун барзакъ а долуш, схьахIоьттина расха дин.

Дино кIанте аьлла: «Дуьненах сийна цIе ялахь а, кхера ма лолахь. ТIом буьрса хир бу хьуна. Хьо соьца мел ву, хьан дегI лоцур дац хьуна я туьро а, я шаьлтано а, я уьрсо а». КIант тIехуьъушшехь, тIамах боьлла дин тIамна чухьаьдда. МостагIий гучу ма бевллина, къаьхьа къемат-де хIоттийна царна тIехь кIанта. Доллу мостагIийн эскар хIаллакдан ницкъ кхаьчна цуьнан. Ткъа паччахьан ялх нуц-м, кхеравелла, герз охьа а кхоьссина, ведда хилла. ТIом, дIабола ма-баллара, цIаьххьана саца а сецна. ДIахьаьжначу паччахьна тIеман арахь, шай, майрра тIом бина волу цхьа жима къонаххий бен, стагга а ца гина.

ЧӀогӀа лиъна паччахьна и доьналла долу кӀант мила ву хаа. «Уойт! Гора кӀант яI! Ирс ду-кх хьо волчун!» – аьлла, и хасто дагахь, тӀегӀоьртина паччахь. Амма дино кӀант, цуьнан лаам кхочушбеш, вадийна, генаваьккхина.

Иштта, паччахь тӀеволалуш хилла, ткъа кӀант хӀоразза а, анаийст санна, генаволуш хилла. Эххар а, кхин дан хӀума а ца хилла, секха-Ӏодаца шен цӀе тӀехь йолу дашо пха кхоьссина паччахьо кӀант волчу агӀор. КӀант, пха схьа а эцна, къайлаваьлла. И тайпа пха цхьаъ бен ца хилла цу махкахь. ТӀам тӀехь толам баьккхина ваьлча, юха а кхо чо вовшахтоьхна кӀанта. Дин къайла а баьлла, шен астагӀчу вирца висина кӀант. Цу тӀе а хиъна, паччахьан гӀала вухавеана иза. ШолгӀачу Ӏуьйранна, шен кхеташо а гулийна, паччахьо аьлла: «Со вайн пачхьалкх а, сан корта а кӀелхьарбаьккхинарг вовза лууш ву. Сан дашо пха хила беза цуьнгахь, сан цӀе тӀехь а йолуш». Хьаьжна паччахь шен невцарийн пхерчашка. Царна тӀехь шен цӀе ца карийна цунна. Иштта хьаьжна иза чохь мел волчун пхерчашка. Хьажаза, сонехь Ӏаш волу и цхьа бешахо висина хилла.

– Схьавалале иза суна тӀе, иза хила мега ас лоьхург! – аьлла паччахьо, цавашаран кеп а еш.

«Иза шен астагӀлелхачу вирца а ларор вацара» – аьлла, бийлабелла паччахьан невцарий. ТӀевалийна кӀант. КӀентан карахь болу пха схьа ма-гиннехь бевзина паччахьна. КӀант мара а къевлина, къинтеравалар дехна цо.

– ХӀара ву шуна вайн мохк кӀелхьарбаьккхинарг, кхунна баркалла ала деза аш. Кхул тӀаьхьа махкана а вевзаш, везаш стаг хила веза хӀара. Шена кӀиллой ца оьшу аьлла, ялхе а нуц лаьллина паччахьо. Ткъа шен жимахьерг, чӀогӀа дог резадина, кӀанте маре а елла, ворхI дийнахь, ворхI бусий доккха ловзар дина цо.

Цул тӀаьхьа, шен нускал далош, цӀа вирзина кӀант. Цу хенахь, шен зудчун хӀилланаш, ямартлонаш гучу а евлла, иза дӀаяхийтина Ӏаш хилла кӀентан да. Цхьа боккха кхаъ хилла тӀеэцна цо шен кӀанттий, нуссий. Цул тӀаьхьа кхин сингаттам боцуш, хаза бертахь, ларам болуш баха хевшина уьш, шуна Дала дика дийцарш.



Бераш! Басарщца кечде хlара сурт.



# Хаар-зер











Кадиев Руслан – йинарг

**Охьанехьа:** 1.Можа латта. 2.Малх гIаттарний, бузарний юккъера хан. 3.Боьрша уьстагI. 4.Бустам, хIуман йоккхалла я жималла. 5.Дустар. 6.Хала дIайоьрзу чов. 8.Йоккха чоь. 12.Мукъам. 15.ЦIаьххьана эккха лазар. 16.Шина декъах цхьа дакъа.

**Пурхнехьа:** 2.Диттан тайпа. 4.Марзо. 6.ХIума долахь ерг. 7.Элпо билгалдеш дерг. 9.КIиран доьалгIа де. 10. ДIайийначу хIуманна новкъа хуьлу буц. 11.Шеран шийла хан. 13.Бос. 14.Ткъе йиъ кийла. 17. Дуккха а адамаш.

**Жоьпаш:** зал, едра, ка, нах, безам, масал, ве, ваI, ал, саэз, Iа, ах, мазал, аз, барам, вак, ан, уэам, ва, асар.

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКА**. ГАУ «Детский журнал «СтелаIад», № 1, 2019. Журнал арадолу 1986 шарахь дуьйна.
**Редакцин адрес:** 364014, Соьлжа-ГIала, Н.Назарбаевн урам, 92.
**Журнал диллинарг:** Нохчийн Республикин къаьмнийн политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство. Министерствон адрес: 364060, Соьлжа-ГIала, Дудаевн бульвар, Радион цIа.
Журналана регистраци йина 2014-чу шеран 5-чу февралехь федеральни службин Нохчийн Республикехула йолчу зIенан а, шуьйрачу коммуникацийн а декъехь тергояран Урхаллехь.
Регистрацин хьокъехь тоьшалла ПИ № ТУ 20–00090.
Сайташ: stelaad.ru; stela1ad_95; stelaad86@mail.ru. Журнал кхаа баттахь цкъа арадолу.
Журнал электронни кепехь баттахь цкъа арадолу.
**Коьрта редактор – А.М. Бексултанова.**
**Коьртачу редакторан гIоьнча** Д.М.Адамов, жоьпаллин секретарь А.А.Абдрахманова.
**Редколлеги:** Д. Кагерманов, Л. Абдулаев, З. Алиева, М. Ахмадов, М. Бексултанов, О. Джамбеков, З.Ш. Мугаева.
**Дизайн а, верстка а** – З.Э. Нухаеван. **Мужалта тIехь** – Закаева Иманан сурт.
Номер кечйина 2018-чу шеран 15-чу январехь. Зорбатоха бакъо елла 2018-чу шеран 15-чу январехь.
Барам 60х90 1/8. № 1 йолу офсетни кехат. Офсетни зорба. Тираж 2 000. Заказ № ___.
Арадаьлла 2018-чу шеран 20-чу январехь. Зорбатоьхна АО ИПК «Грозненский рабочий», 364021, Интернациональни урам, 12/35.

6+

**Бинна мах**